Recueilli par : Oumar DIALLO

Dit par : Cheikh Mbaké GUEYE

Griot, demeurant à Louga

------

enfant

l'h et le lépreux

GAANA GI AK NIT KU AM FUKKI DOOM

-----

Léeb bi li ko taxa jòg moo di gis nit di ko xeeb baaxul.

Dafa amoon koo xam ni dafa amoon fukki doom. Fukki doom yooyu nag weer wi mujj ci at mi, ci fan yi ciy mujj rekk benn doom gaañu. At mu nekk benn doom gaañu, ba muy jùróom ñeent. Mu des benn doom.

Benn doom boobu nag, mu ni ax ! Xam naa ni sama doom bii, tey jii ci guddi la waxtoom war a jot, ci la war a yem. Ci biir waxtu woowu mu tëdd. Ba nga xamee ni reer war na jot, muy reer, benn gaana daldi ko fëgg. Bi ko gaana gi fëggée (loxo yépp a ngi dagg di siit ak deret ndax ngaana gu metti) ni ko :

- Salaamaalikum !

Mu ni ko :

- Maalikum salaam ! Ayca bismilaayi !

Siixluwu ko, jànniwu ko, waxu ko benn wax bu ñaaw. Mu daldi jël raxasu mi jox ko, ni ko : raxasul nu reer.

Gaana gi raxasu, mu bokk ak moom di reer. Nakka muy bokk ak moom di lekk ba mu yàgg, waa ji ni ko : ayca lekkal bu baax. Mu lekk lekk ba mu yàgg mu jox ko raxasu mi mu raxasu. Gaana gi bëgg dem waa ji ni ko, ñëwal tëdd fii, ndax xam naa ni amulôo foo tëdd.

Mu ni ko :

- Foo joge ?

- Kawlax laa joge.

Mu ni ko :

- Kawlax sore na, te xam naa ni doxandeem nga fi, kon nag kaay tëdd fii.

Gaana gi ni ko :

- Man mii ak sama ngaana gi, sama loxo yii dagg di siit moos, nga bëgg maa tëraaloo.

Mu ni ko :

- Benn la, yow Yàlla moo la sàkk, Yàlla moo la def nii, kon nag, man itam duma bañ a tëdd ak yow.

- Waaw yow, waxuma dara sax, waaye man mi nga xam ni gaana laa, sama loxo dagg na, sama ngaana sax wéragul ngay bokk ak man di lekk, loolu man ci àdduna, ci yow rekk laa ko mos a gis.

Mu tëdd ak waa ji ci benn lal ; ba mu yàgg nag waa ji yeewu rekk gisatul gaana gi. Bi bët setee mu ni :

- Aa ! man déy sama doom ji nga xam ni moo mujj ci àdduna, te xam ni boo demee gaañu na, ndax waxtu gaañoom jot na, ndax tey jii ci guddi la dundam di jeex...

Mu dem fekk doom ji fa mu tëddoon.

Mu ni ko :

- Waaw yow, defewoon naa ni gaañu nga ?

- Mu ni ko man dé maa ngi nii.

Yàlla nag dogal ba mu tëddée ba ca ëllëg sa, gaana gi feeñu ko daldi ni ko :

- Man kat duma gaana, Yàlla moo ma yónniwóon. Ni nga ma terele nag moo tax sa doom ji nga xam ni moo waroon dee, dina fi amaat téeméeri at.

Loolu nag moo waral képp koo gis muy bopp bu woyof, wàlla mbubb mu woyof, bu ko ree, ndax nit ñépp benn lañu. Képp ku ne na nga mel nanga xam ni Yàllaa la ko melloo; la nga am Yàllaa la ko jox.